



Pou Piblikasyon Imedya: 3/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ELECTROVAYA PRAL ETABLI JIGAFAKTORI
LITYUM-ION NAN KONTE CHAUTAUQUA**

***Green Energy Company planifye pou kreye jiska 250 djòb nan premye izin li an
nan Etazini***

***Fon eta pral ede konstwi teknoloji batri ak enstalasyon fabrikasyon pou sipòte
inovasyon lokal ak komèsyalizasyon pwodiksyon batri pwochen jenerasyon an***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ElectroVaya, Inc., yon pwodiktè batri lithium-ion (lityòm- ion) pou transpò ak estokaj sèvis piblik, te chwazi Vil Ellicott nan Konte Chautauqua kòm premye kote pou izin li an nan Etazini. Konpayi ki fè kòmès piblik la pral kreye pwodiksyon etablisman ki pi nouvo, k ap jenere jiska 250 djòb epi, lè li totalman fonksyonèl, l ap pwodui plis pase yon GWh batri chak ane. Investisman yo sipòte inisyativ Nouvo Enèji New York (New Energy New York, NENY) la ki pi laj, ki gen objektif pou kreye yon Sant Nasyonal pou Inovasyon ak Fabrikasyon Batri.

"Eta New York ap kontinye jwe yon wòl lidè nan rechèch ak devlopman teknoloji avanse, modèn ak inovan", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Gras ak resous eta a, ElectroVaya ap pote jiska 250 djòb nan Konte Chautauqua epi apwofondi patisipasyon New York nan sektè enèji pwòp k ap grandi a. Kous la kòmanse pou kaptire djòb ki byen peye ki vini ak teknoloji pwòp, epi pa gen okenn kote tankou New York pou manifakti sa yo grandi, opere, ak pwospere."

Konpayi an pral etabli operasyon li yo nan 1 Precision Way nan yon efò pou pwofite demann batri lithium-ion solid la pou charyo elevatè elektrik, kamyon elektrik ak bis elektrik. ElectroVaya te chwazi etablisman nan pati sid Konte Chautauqua sa a apre li te detèmine li kòm pi bon kote pou konpayi an bay sèvis pou baz kliyantèl li a k ap grandi nan Etazini, akòz fòs travay kalifye li ak elektrisite renouvlab ki disponib pami lòt avantaj.

PDG ElectroVaya Doktè Raj Das Gupta, te deklare, "Pandan Etazini ak mond lan antre nan yon faz kwasans san parèy pou machin elektrik ak mobilite elektrik, batri lithium-ion ak konpozan ki ladan yo enpòtan anpil pou siksè endistri a. ElectroVaya fyè dèske li pote teknoloji ak apwòch dirab nou yo nan Eta New York, kòm premye etablisman komèsyal ElectroVaya ki baze nan Etazini. Etablisman an pral pwodwi selil

ak modil lithium-ion, konpozan ki enpòtan anpil pou fabrike batri lithium-ion yo. Nou kontan pou sipòte bon jan kalite kreyasyon djòb nan Konte Chautauqua epi nou pa ka tann pou n kontinye kwasans nou nan Rejyon Lwès New York."

Electrovaya Inc. ak pèfòmans k ap mennen nan endistri a ak pwopriyete entelektyèl sibstansyèl, se yon lidè nan transfòmasyon enèji mondyal la, ki konsantre sou kontribisyon nan prevansyon chanjman klimatik atravè founi batri lithium ion ki an sekirite epi ki dire lontan. Electrovaya desine, devlope ak fabrike batri lithium ion esklizif, sistèm batri ak pwodwi ki gen rapò ak batri pou estokaj enèji, transpò elektrik pwòp ak lòt aplikasyon espesyalize.

Empire State Development (ESD) ap ede pwojè a ak jiska 4 milyon dola atravè Pwogram Kredi Taks Excelsior Jobs la ki baze sou pèfòmans ak 2.5 milyon dola nan Finansman Kapital Konsèy Rejyonal pou etabli etablisman pwodiksyon ak fabrikasyon sa a pou batri lithium-ion nan yon ansyen etablisman fabrikasyon, sa k ap ogmante kreyasyon 250 nouvo djòb ak pwodiksyon 1GWh batri ak aparèy estoka enèji pandan senk ane k ap vini yo. An jiyè, Konsèy Administrasyon Otorite Elektrik New York (New York Power Authority, NYPA) la te apwouve yon alokasyon enèji idwoletrik nan pri ki ba ki plis pase 1.5 megawat pou Jamestown nan kad pwogram Devlopman Ekonomik Endistriyèl Otorite Enèji a pou satisfè ogmantasyon chaj elektrik akoz agrandisman Vil Ellicott Electrovaya a. Depans inisyal la pou etablisman an te plase nan apeprè 75 milyon dola, epi li prevwa ouvri nan sezon otòn 2023 a.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Desizyon Electrovaya pou etabli yon nouvo etablisman fabrikasyon batri lithium-ion nan Konte Chautauqua make yon lòt etap enpòtan nan direksyon pou atenn objektif enèji pwòp agresif Gouvènè Hochul yo. Lè nou sipòte sektè k ap emèje sa a, Eta New York ap kreye plizyè santèn djòb, pandan y ap ogmante lidèchip mondyal nou an nan estokaj enèji ak endistri batri avanse yo tou."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare, "Enèji idwoletrik Niagara esansyèl nan ekonomi Rejyon Lwès New York k ap grandi rapid la. Lè li sipòte ekspansyon Electrovaya a ak enèji idwolik pwòp, renouvlab, New York ap sipòte plizyè santèn djòb nan yon endistri ki pral ede avanse pwogram enèji pwòp Gouvènè Hochul k ap mennen nan peyi a."

Koprezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Lwès New York ak Prezidan Buffalo State College, Doktè Katherine Conway-Turner, te deklare, "Demann ap ogmante pou konpozan enèji pwòp tankou batri, epi Rejyon Lwès New York ap travay pou li alatè endistri sa a alavni. Konpayi tankou Electrovaya ap pote nouvo djòb ak nouvo investisman nan Konte Chautauqua, gras a angajman New York pran pou enèji pwòp ak inovasyon."

Koprezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Lwès New York ak Kofondatè Campus Labs, Eric Reich, te deklare, "Nou pa ka tann nouvo etablisman fabrikasyon batri Electrovaya a vini nan Konte Chautauqua. REDC fyè paske Rejyon Lwès New

York ap grandi ekonomi pwòp li a ak antrepriz istorik sa a, k ap kreye nouvo djòb ak pwosperite pou moun nan rejyon nou an."

Doktè William Acker, Direktè Egzekitif New Konsòsyòm Teknoloji Batri ak Estokaj Enèji nan New York (New York Battery and Energy Storage Technology Consortium NY-BEST), te deklare, "NY-BEST kontan akeyi Electroveya nan Eta New York. Antanke yon lidè nan batri lithium-ion avanse, Electroveya pral yon adisyon enpòtan nan ekosistèm solid epi k ap grandi nou an pou endistri batri ak estokaj enèji nan New York, ki pral pote nouvo travay kalifye ak sipòte ekonomi enèji pwòp New York la."

Prezidan & PDG Invest Buffalo Niagara, Tom Kucharski, te deklare, "Desizyon Electroveya valide mendèv devwe Buffalo Niagara a, avantaj jewografik sou fwontyè Can-Am, ak estati kòm yon destinasyon pou konpayi inovan yo k ap fè travay enpòtan. Nou kontan akeyi Electroveya nan gwoup konpayi k ap grandi nan Rejyon Lwès New York ki konsantre sou transfè enèji pwòp ak prevansyon chanjman klimatik."

Senatè Eta George M. Borrello te deklare, "Felisitasyon a tout moun ki te ede asire yon lòt viktwa devlopman ekonomik pou Konte Chautauqua ak tout rejyon nou an. Kominote nou an te pwouve plizyè fwa ke li gen mendèv, enfrastrikti ak lidèchip ki pratik pou biznis ke manifaktirè tankou Electroveya ap chèche. Teknoloji konpayi an ki konsantre sou lavni pral konplete lòt endistri k ap grandi nan zòn nan epi kontribye nan travay ak kwasans ekonomik nan ane k ap vini yo."

Manm Asanble Andy Goodell te deklare, "Se yon bon nouvèl ke IDA Konte Chautauqua, anplwaye li yo, ak Egzekitif Konte Wendel te konvenk Electroveya pou kontinye ak plan fabrikasyon batri lithium li yo nan Jamestown. Pwodwi sa yo pral jwe yon wòl kle nan lavni nou an. Zòn nou an gen yon istwa fyè nan bon jan kalite anplwaye ki devwe ki pral san dout fè pwojè sa a vin yon siksè."

Egzekitif Konte Chautauqua a, Paul M. Wendel, te deklare, "Mwen kontan dèske Electroveya te chwazi Konte Chautauqua kòm yon lokal pou elaji operasyon li yo. Envestisman li an pral pote nouvo lavi nan ansyen etablisman Heidenhain nan Mason Industrial Park la pandan konpayi an ap kontinye siksè li nan pwodiksyon batri lithium pandan l ap kreye jiska 250 djòb nan Konte nou an pandan 10 zan."

Sipèvizè Vil Ellicott la, Janet Bowman, te deklare, "Vil Ellicott kontan ak eksite pou li genyen Electroveya ki vin tounen dènye ogmantasyon biznis nan Mason Industrial Park la. Acha ansyen pwopriyetè Heidenhain lan ajoute yon lòt pyès nan objektif nou pou ranpli pak endistriyèl la. Nou akeyi biznis Kanadyen ki gen anpil siksè sa, Electroveya, nan Vil Ellicott."

Mark Geise, ki se Egzekitif Adjwen Konte a pou Devlopman Ekonomik akd Direktè Egzekitif Jeneral Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Chautauqua a, te deklare, "Mwen rekonesan dèske CCIDA te kapab jwe yon wòl pou sekirize yon pati responsab nan yon endistri k ap grandi pou achte ak envesti nan bèl bilding sa a epi remete li nan

itilizasyon pwodiktif. CCIDA a pral kontinye travay ak Electrovaya pou asire yo gen resous yo bezwen pou yo kòmanse pwodiksyon an epi dirab alontèm. Anplis Electrovaya, mwen ta renmen remèsye Invest Buffalo Niagara, Empire State Development, Vil Ellicott, Ekip CCIDA, Otorite Enèji Eta New York la, Hanna Holt Reality (Melissa Uber), ak tout lòt moun ki gen enterè ki te ede fè pwojè sa a reyalize."

Manadjè Jeneral Jamestown Board of Public Utilities, David L. Leathers, te deklare, "Ala yon bon nouvèl pou Konte Chautauqua ak gran rejyon Jamestown lan! Teritwa Jamestown BPU a rete yon kote ki trè atiran pou biznis manifakti yo e Manm Konsèy BPU ak Anplwaye yo kontan akeyi Electrovaya nan kominote nou an. Objektif nou se atire enèji pwòp ak lidè fabrikasyon teknoloji klimatik nan Jamestown epi nouvo pwodiktè batri ak selil lithium-ion sa a se yon adisyon enteresan nan sant endistriyèl la nan pati lès sistèm nou an. Nou pran angajman pou sipòte ekip Electrovaya a epi ede yo pwospere nan nouvo etablisman yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418